

BAB VI

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

6.1 Kacindekan

Dumasar hasil dina Bab IV katitén aya sababaraha pasualan ngeunaan kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran ngagunakeun jeung ngagunakeun Modél konvènsional, dihandap aya sababaraha kacindekan di antarana saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran siswa Fase D IX SMP Negeri 11 Depok taun ajar 2024-2025 sabada ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel kamampuh nulis nuduhkeun hasil ngaronjat janten rata-rata 71,04 jeung kamampuh nyarita nuduhkeun hasil nu ngaronjat janten rata-rata 73,54.
- b. Kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran siswa Fase D IX SMP Negeri 11 Depok taun ajar 2024-2025 sabada ngagunakeun modél konvènsional nuduhkeun hasil kamampuh nulis sisindiran rata-rata 67,71 jeung kamampuh nyarita (témphas sendiri) sisindiran rata-rata 68,23.
- c. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran ngagunakeun jeung ngagunakeun Modél konvènsional, bisa katitén hasil uji hipotésisna nya éta Sig (2-tailed) $0,028 < 0,05$ jeung Sig (2-tailed) $0,041 < 0,05$. Ku kituna H_a ditarima jeung H_o ditolak. Hartina aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran ngagunakeun jeung ngagunakeun Modél konvènsional. Hartina dina ngadumaniskeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel éféktif digunakeun dina pangajaran sisindiran pikeun siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok taun ajar 2024-2025 ti batan anu ngagunakeun Modél konvènsional.

6.2 Implikasi

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan miboga implikasi yén Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel éféktif pikeun pangajaran nulis jeung nyarita (témphas sendiri) sisindiran. Dipiharep ieu kagiatan panalungtikan

Malik Fajar, 2025

MODÉL PROBLEM BASED LEARNING BINARUNG MÉDIA WAYANG GOLÉK FABEL DINA PANGAJARAN SISINDIRAN (Studi Ékspérimén ka Siswa Fase D SMP Negeri 11 Depok Taun Ajar 2024-2025)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

bisa numuwuhkeun stratégi anyar dina ngawangun aktifitas pangajaran anu hadé di kelas. Ngawanohkeun sastra diadumaniskeun jeung média anu bisa numuwuhkeun sumanget diajar siswa. Komo deui di wilayah tapel wates mah ayana pangajaran basa Sunda sanés ku barudak kudu bisa basa Sunda, tapi barudak téh apal kana basa jeung budaya Sunda, mikawanoh basa jeung budaya nu aya di Sunda, resep diajar basa Sunda anu kréatif.

Hiji hal anu luar biasa ngawulang di kota Depok komo deui pikeun siswa-siswi SMP Negeri 11 Depok. Tapi ku ayana kurikulum merdéka guru téh kudu bisa nyieun suasana diajar anu aktif jeung pikaresepeun. Ku kituna, perlu ayana stratégi-stratégi pangajaran anu bisa dilarapkeun di sakola sangkan numuwuhkeun prosés diajar anu leuwih hadé. Ngagunakeun modél pangajaran jeung média pangajaran tangtu jadi hiji hal anu bisa mantuan guru dina numuwuhkeun karep diajar siswa anu leuwih hadé.

6.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan keur kaharepna leuwih hadé tur mibanda kamajuan dina prosés kagiatan pangajaran, di antarana nyaéta ieu di handap.

- Ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel éféktif dina pangajaran nulis jeung nyarita (témphas sindir) sisindiran.
- Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel bisa ditalungtik deui dina pangajaran basa Sunda séjénna.
- Guru bisa leuwih motékar deui ngamangpaatkeun sumber diajar utamina ngalarapkeun modél pangajaran jeung média pangajaran di sakola.
- Ngagunakeun Modél *Problem Based Learning* binarung Média Wayang Golék Fabel dina pangajaran sisindiran tangtu waé kudu dirojong ku kamampuh guru nyiptakeun kaayaan kelas anu kondusif jeung dipikaresep ku siswa.
- Ngagunakeun Média Wayang Golék Fabel bisa dilarapkeun dina nyusun sisindiran anu diluyukeun jeung karakteristik wayangna.